**दिन–मंगलवार** **दिनांक–09.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे केन्द्र सरकारक सहयोग सँ बिहार लगातार प्रगतिक पथ पर अग्रसर अछि। सुपौल आ मधेपुरा मे अपन समृद्धि यात्राक क्रम मे आइ ओ जनसंवाद के संबोधित करैत कहलनि जे अगिला पांच वर्ष मे बिहार के विकसित राज्यक श्रेणी मे लाओल जायत। मुख्यमंत्री कहलनि जे हुनक शासनकाल मे शिक्षा, स्वास्थ्य, रोजगार आ आधारभूत संरचना जेहन क्षेत्र मे उल्लेखनीय काज भेल। ओ कहलनि जे एक करोड़ युवा के नोकरी देबाक लक्ष्य अछि। श्री कुमार सुपौल जिला के औद्योगिक रूप सँ विकसित करबाक बात कहलनि। मधेपुरा मे मुख्यमंत्री कहलनि जे जिलाक महिला लोकनि के स्वरोजगार लेल राशि उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। सभा के संबोधित करैत उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बिहारक विकास के एक नव दिशा देलनि। राज्यसभा जयबाक बादो राज्यक नव सरकार के हिनक मार्गदर्शन भेटैत रहत। मुख्यमंत्री सुपौल मे पांच सय सत्तरि करोड़क लागतिवला दू सय तेरह आ मधेपुरा मे तीन सय दू करोड़ टाकाक लागति सँ दू सय पंचानवे विकास योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। ओ दुनू जिला मे चलि रहल विभिन्न विकास परियोजनाक प्रगतिक समीक्षा सेहो कयलनि।

---

बिहार मे राज्यसभाक पांच सीट लेल होबयवला चुनावक रणनीति बनेबाक लेल महागठबंधनक विधायक दलक बैसार भेल। बैसार मे राजद, कांग्रेस, आईआईपी आ वाम दलक विधायक सम्मिलित भेलाह। एआईएमआईएम आ बसपाक विधायक के सेहो आमंत्रित कयल गेल छल। मुदा ओ लोकनि सम्मिलित नहि भेलाह। एहि मध्य आईएमआईएमक प्रदेश अध्यक्ष अख्तरूल ईमान कहलनि जे राजद दिस सँ बैसारक हुनका कोनो सूचना नहि भेटल। ओ कहलनि जे राज्यसभा चुनाव मे पार्टी ककरा समर्थन देत एहि पर विचार–विर्मश कयल जा रहल अछि।

---

लोकसभा मे विपक्ष लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला के पद सँ हटेबाक लेल अविश्वास प्रस्ताव प्रस्तुत कयलक। पचास सँ बेसी सांसद एहि प्रस्तावक समर्थन कयलनि, जकर बाद पीठासीन पदाधिकारी प्रस्ताव प्रस्तुत करबाक अनुमति देलनि। प्रस्तावक पक्ष मे बजैत कांग्रेस सांसद गौरव गोगोई कहलनि जे ई प्रस्ताव सदनक गरिमाक रक्षा लेल एक जिम्मेदारीक रूप मे लाओल गेल अछि। एखन प्रस्ताव पर चर्चा चलि रहल अछि।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे विभाग मे हड़तालक संस्कृति नहि चलत। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ बातचीत मे ओ कहलनि जे विभागीय काज मे लापरवाही करयवला अधिकारी आ कर्मचारी पर सरकार कार्रवाई करत।

———————————————————————

पश्चिम एशिया मे वर्तमान स्थिति के देखैत सरकार प्राथमिकतावला क्षेत्र लेल प्राकृतिक गैसक उत्पादन के विनियमित करबाक, आपूर्ति बनौने रखबाक, समान वितरण आ उपलब्धता सुनिश्चित करबाक लेल आवश्यक वस्तु अधिनियम उन्नैस सय पचपन लागू कयलक अछि। अधिसूचना मे कहल गेल अछि जे आपूर्ति के पछिला छओ मासक औसत–खपत केर सय प्रतिशत परिचालन उपलब्धताक अधीन बनौने राखल जायत।

———————————————————————

निगरानी जांच ब्यूरोक टीम सीतामढ़ीक डुमरा कोर्ट परिसर सँ कौड़ियालालपुर पंचायतक मुखिया अवधेश साह के सोलह हजार टाका घूस लैत ठामहि गिरफ्तार कऽ लेलक। गिरफ्तार मुखिया नल–जल योजनाक विपत्रक भोगतान करबाक बदला शिकायतकर्ता सँ घूस लैत छलाह।

———————————————————————

टी–ट्वेंटी क्रिकेट विश्पकप विजेता भारतीय टीमक खेलाड़ी ईशान किशन आइ पटना पहुंचलाह। हवाई अड्डा पर खेल मंत्री श्रेयसी सिंह समेत हजारो खेल प्रेमी हुनक स्वागत कयलनि। ईशान किशन पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे भारतीय टीमक ई उपलब्धि प्रत्येक देशवासीक लेल गर्वक विषय थीक। खेल मंत्री श्रेयसी सिंह कहलनि जे ईशान किशन बिहार सँ छथि जे राज्यवासी लेल गौरवक बात अछि।

———————————————————————

मौसम विभाग आइ भागलपुर, बांका आ जमुई जिला मे किछु स्थान पर आंशिक बरखा हेबाक संभावना जनौलक अछि। विभाग कहलक अछि जे काल्हियो राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम बरखा हेबाक पूर्वानुमान अछि। संगहि, एहि क्रम मे तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलबाक आ मेघगर्जन तथा ठनका खसबाक चेतावनी देल गेल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे पश्चिम चंपरण जिला मे किछु स्थान पर बुंदाबांदी भेल।

---

समाप्त